



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGGRAM
VAKSINASYON ETA A - YO TE DEJA ADMINISTRE 93% NAN PREMYE DÒZ YO
TE LIVRE YO**

*Sit Distribisyon Swen Sante New York yo te administre 93% nan premye dòz yo
te resevwa nan men Gouvènman Federal la*

Eta administre 96,000 vaksen nan dènye 24 èdtan yo

New York sou pwen pou li pa gen vaksen demen

**Tablodbò Vaksen an (Vaccine Dashboard) pral ajou chak jou pou bay mizajou
sou pwogam vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 93 poustan nan premye dòz yo te resevwa nan men gouvènman federal la, ak 91 poustan nan premye ak dezyèm dòz yo.

"Nou ap fè efò pou administre vaksen an pi vit jan sa posib pandan n ap fè tout sa nou kapab pou diminye to enfeksyon an. Nou deja fè pwogrè sou tou de bò yo depi vag apre jou ferye yo men nou rete anpil wout anvan nou rive wè limyè nan pwent tinèl la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Eta a te administre 96,000 vaksen nan dènye 24 èdtan yo, epi nou gen kapasite operasyonèl la pou nou fè plis menm - men nou bezwen plis dòz nan men gouvènman federal la paske vrè pwoblèm lan kontinye rete demann lan ki depase apwovizyonman an. Nou bezwen founisè yo tou pou kontinye priyorize gwoup yo responsab pou sèvi yo nan mezi pou sistèm lan ka rete jis."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite apwovizyonman vaksen gouvènman federal la ap bay la. Byenke gouvènman federal la te agrandi chan elijiblite pou vaksen an pou gen ladan 7 milyon Nouyòkè, apwovizyonman vaksen gouvènman federal la bay la te redui aktyèlman. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Repatisyon done yo fèt konsa (sou baz kantite ki rapòte bay Eta New York nan 11 AM jodi a):

REPATISYON NAN TOUT ETA A

- Pousantaj Premye ak Dezyèm Dòz yo Bay - 91%
- Premye Dòz yo Resevwa - 1,053,650
- Premye Dòz yo Bay - 975,958; 93%
- Dezyèm Dòz yo Resevwa - 136,500
- Dezyèm Dòz yo Bay - 108,573

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal	Kantite Dòz yo Bay Ototal	% Kantite Dòz yo Bay/Resevwa
Capital Region	78,550	64,305	82%
Central New York	59,725	58,546	98%
Finger Lakes	77,150	72,249	94%
Long Island	144,750	140,502	97%
Mid-Hudson	111,925	94,191	84%
Mohawk Valley	29,850	22,867	77%
New York City	546,775	491,085	90%
North Country	25,925	25,783	99%
Southern Tier	29,400	32,180	100%
Western New York	86,100	82,823	96%
Nan tout Eta a	1,190,150	1,084,531	91%

	Semèn 1:	Semèn 2:	Semèn 3:	Semèn 4:	Semèn 5:
	Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17
1ye dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo	90,675	392,025	201,500	160,050	209,400

2yèm dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo	0	0	0	90,675	45,825
TOTAL	90,675	392,025	201,500	250,725	255,225
KIMILATIF		482,700	684,200	934,925	1,190,150

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 91 poustan dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou w detèmine si w elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)